13. Madeg ing dhatulaya, bathari Sri, ingadhep prabu Darmasara, tuwin prameswari Dewi Darmawati, dalah putra Dewi Darmarini. Bathari Sri ngandika mring prabu Darmasara, bilih retna Darmarini pinundhut putra, sang nata dalah garwa suka jumurung, kasaru sowanipun resi Nagatatmala, tuwin lurah Semar, Nalagareng, Petruk, matur sasolah reh dinuta, bilih dados pancakara kaliyan raden Sadana. Samangke raden Sadana oncat maring nagari Keling. Sampuning telas aturira, resi Nagatatmala lajeng dhinaupaken kaliyan Dewi Darmarini, pondhongan.
14. Madeg bathari Sri, ingadhep prabu Darmasara dalah garwa putra, sang bathari Sri dhawuh arsa kondur maring Wiratha. Sang nata tuwin garwa putra, sami andherekaken tindakira, bidhal, resi Nagatatmala karsa sowan mampir maring nagari Astina.
15. Madeg ing Suralaya, sang hyang Narada, lenggah tuwin sang hyang Bayu, ingadhep para jawata. Ginem : sang hyang Narada miyarsa warta, bilih resi Nagatatmala maring Wiratha, sang hyang Narada tuwin sang hyang Bayu arsa tindak maring nagari Wiratha, mundhut wangsulipun resi Nagatatmala maring kahyangan, bidhal maring ngarcapada.
16. Madeg ing nagari Astina, prabu Kresnaipayana, miyos ingadhep patih Jayaprayitna, tuwin para punggawa pepak kang anangkil. Kasaru sowanipun resi Nagatatmala, matur sasolahira dinuta, purwa madya wasana, sarta samangke bathari Sri tuwin prabu Darmasara, dalah garwa putra, sampun samya kondur maring Wiratha. Sasampuning telas aturipun resi Nagatatmala, sang prabu

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Sanghyang Narada

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

karsa tindak maring Wiratha, kadherekaken resi Nagatatmala, tuwin Semar, Nalagareng, Petruk. Patih Jayaprayitna kinen tengga praja, lajeng bidhal.

17. Madeg ing nagari Wiratha, prabu Matswapati miyos ingadhep kang putra raden arya Seta, raden Wratsangka, tuwin patih Jayanirbita, patih Wijayanirbita. Ginem : Sang nata andangu mring putra denira dinuta maring Astina. Kang putra raden arya Seta matur : "Kakang prabu Krenadipayana sampun sagah". Kasaru rawuhira bathari Sri, tuwin prabu Darmasara dalah garwa, kanthi ambekta putra panganten, bathari Sri dalah panganten ingaturan lumebet ing dalem, prabu Matswapati lajeng mangg'ihi sang hyang Narada, sang hyang Bayu, tuwin kang putra prabu Kresnadipayana. Lagya eca denira imbal wacana, kasaru sowanipun patih Jayanirbita, atur uninga, bilih ing jawi wonten parangmuka adhatengi saking praja Guwarejeng, prabu Suryakumala, tuwin prabu Sasradewa, sawadya balanira. Sang prabu Matswapati sasmita mring kang rayi prabu Kresnadipayana, lajeng samya medal ing jawi, sareng dumugi ing alun-alun sampun panggih ayun-ayunan, prabu Kresnadipayana prang tandhing kaliyan prabu Suryakumala, prang rame, danguning prang, prabu Suryakumala jinemparing pejah. Kang rayi prabu Sasradewa mangsah, jinemparing pejah. Patih Baudhendha sareng uninga gustinira kakalih sami seda, patih bramantya, lajeng mangsah, pinapag dening sang hyang Bayu. Patih Baudhendha pejah, sawadyanira ditya tumpes sadaya, tan mangga puliha, sampak kang unggul ing yuda lajeng sami mundur, arsa wangsul maring pasewakan.

    Madeg ing nagari Wiratha, sang prabu Matswapati, lenggah tuwin sang Hyang Narada. Ginem : Sang hyang Narada mundhut resi Nagatatmala, arsa binekta maring Suralaya, sang prabu ngaturaken, kasaru rawuhira para nata kang samya kondur saking ing ngayuda, lajeng pinethuk prabu Matswapati, samya kinanthi, binekta lenggah satata. Sasampuning imbal wacana, sang Hyang Narada, tuwin sang Hyang Bayu amit maring kahyangan, resi Nagatatmala dalah garwanira sami andherekaken sang Hyang Narada.

    Sapengkerira sang hyang Narada, para nata sami mangun bojana andrawina, tanceb kayon.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Prabu Matswapati karawuhan Dewi Sri


PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

3. LAMPAHAN PURWAKALA (MURWAKALA)

1. Jejer bathara Guru, kaadhep Dewi Uma, hyang Narada. Dereng ngantos ginem, kasaru sowanipun bathara Kala, amargi paringipun tedha ingkang rumiyin, lobanglojo, boten eca katedha, hyang Guru lajeng maringi tedha, kadosta :
   1. Ontang-anting, inggih punika lare jaler ingkang boten gadhah sadherek,
   2. Untang-unting, inggih punika lare estri ingkang boten gadhah sadherek.
   3. Lumunting, inggih punika lare ingkang lahiripun tanpa ari-ari,
   4. Sarimpi, inggih punika sadherek sakawan sami estri,
   5. Saramba, inggih punika sadherek sakawan sami jaler,
   6. Pandhawa, inggih punika sadherek gangsal sami jaler.
   7. Pandhawi, inggih punika sadherek gangsal sami estri,
   8. Pandhawa madhangake, inggih punika sadherek gangsal, jaler 4 estri 1.
   9. Pandhawa ipil-ipil,inggih punika sadherek gangsal,estri 4 jaler 1
   10. Uger-uger, inggih punika sadherek kalih sami jaler.
   11. Kembang sepasang, inggih punika sadherek kalih sami estri.
   12. Gedhana-gedhini,. inggih punika sadherek kalih jaler estri (sepuh ingkang jaler).
   13. Gedhini-gedhana, inggih punika sadherek kalih estri jaler (sepuh ingkang estri).
   14. Sendhang angapit pancura, inggih punika sadherek 3, estri 2, jaler 1, (jaler panengah).

   Kajawi ingkang kasebut ing nginggil, sang hyang Guru ugi maringaken tedha malih dhateng sang hyang Kala, nanging boten mawi karuwat, kadosta :

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Sanghyang Guru

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

1. Jisim lalampah, inggih punika tiyang satunggal lumampah kekesahan,
2. Bathang ucap-ucap, inggih punika tiyang kakalih lumampah tebih.
3. Gotong mayit, inggih punika tiyang tiga lumampah tebih.
4. Tiyang lumampah ing wanci tengange, boten manjang boten ngidung.

Dewi Uma ugi maringi tedha, ingkang kaparingaken tiyang ingkang tiwas angrisakaken dandananing wadon, kadosta :

1. Tiyang ngrebahaken dandang.
2. Tiyang nugelaken gandhik.
3. Tiyang mecahaken pipisan.
4. Tiyang darnel griya saweg kaadegaken dereng rampung. Tegesipun dereng kenging dipun enggeni, lajeng ambruk.

2. Bathara Kala lajeng pamit mundur, sapengkeripun bathara Kala, lajeng ginem, sarehning kekathahen ingkang kaparingaken dados tedhanipun bathara Kala, kagalih mesakaken sadaya titah, mila sang hyang Guru lajeng dhawuh dhateng Narada, supados andhawuhna dhateng sang hyang Wisnu, kadhawuhan lampah andhalang, kangge anjabel ingkang sampun dados dhawuhipun dhumateng bathara Kala. Bathara Brama dadosa panggender, Narada dadosa panjakipun, bathara Wisnu ingkang dados dhalang. Hyang Narada mundur, sapengkeripun hyang Narada, sang hyang Guru kaliyan Dewi Uma lajeng nitih lembu Andini anganglang jagad.
3. Gentos kacariyos, hyang Kala kaliyan kang garwa bathari Durga, tuwin bala, Ginem badhe dhateng sendhang talaga Madirda, perlu ngupados tedha, lajeng mangkat.
4. Madeg ing Utaralayu, Hyang Wisnu, Hyang Brama, kasaru dhatengipun Hyang Narada, andhawuhaken dhawuhipun hyang Guru dhateng Hyang Wisnu, supados anjabela ingkang sampun kadhawuhaken dhateng hyang Kala, sarananipun hyang Wisnu dadosa dhalang, Brama dadosa panggender, Narada dadosa panjak, aturipun sandika, lajeng sami bidhal, anjujug dhukuh Dhadhapan.
5. Gentos kacariyos, Hyang Kala anggenipun dhateng talaga Madirda kapethuk sang Hyang Guru, kadangu matur ngupados tedha, lajeng kaparingan dadamel : badhajna, manawi angsal tetedhan

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Dewi Uma

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ingkang sampun kadhawuhaken, kapaesana ing badhama, manawi mboten kapaesan ing badhama, badhe kajawekaken yoga dewa, utawi manawi wonten tiyang sumerep dhateng saranduning badanipun, punika kadhawuhan angaken bapa. Bathara Kala matur sandika, lajeng sewang-sewangan.

6. Kacariyos ing dhukuh Mendhangkawit, mbok randha Sumawit, kaliyan anakipun nama Jaka Jatusmati, sarehning Jaka Jatusmati wau ontang-anting, miia kapurih adus dhateng Talaga Madirda, supados icala mala sukeripun, lajeng bidhal.
7. Madeg ing talaga Madirda, hyang Kala wonten salebetipun sendhang, Jaka Jatusmati dhateng, dipun takeni dhateng bathara Kala, wangsulanipun badhe adus, lajeng kapurih malebet wetengipun bathara Kala, Jaka Jatusmati mboten purun, sarta lajeng kesah, .kabujung dening Hyang Kala. Jatusmati malebet ing bumbung, bumbung kacepeng Hyang Kala, Jaka Jatusmati ical, andhelik dhateng panggenanipuri tiyang dandos-dandos griya. Jatusmati lajeng mendha-mendha tiyang dandos-dandos griya, kasumerepan bathara Kala, kabujung malih, Jatusmati mlajeng griya ambruk, Jatusmati andhelik dhateng panggenanipun tiyang mipis jampi, bathara Kala sumerep, lajeng kabujung. Jatusmati mlajeng, pipisan pecah, gandhik tugel. Jaka Jatusmati andhelik dhateng panggenanipun tiyang adang, ugi kabujung dening Hyang Kala, dandang ambruk. Jatusmati lumajeng, Hyang Kala ambujung malih, kasrimpet ing wit Waluh dhawah. Pambujungipun dhateng Jatusmati kakilapan.

   Sigeg genti kacariyos, wonten tiyang estri panganten enggal, ngajeng-ajeng semahipun, Jatusmati dhateng ing ngriku, lajeng nunggil tiyang estri panganten enggal wau. Hyang Kala sumerep, lajeng dhawuh dhateng Bajobarat, supados nenggani wonten panggenanipun panganten enggal wau.
8. Madeg ing dhukuh Mendhangkamulan, kyai buyut Wangkeng, kaliyan anak estri, lan anak mantu nama buyut Geduwal, inggih punika bojonipun anak estri wau. Ingkang estri nedha dhateng bapa supados dipun pegataken, nanging bapa boten suka, sarta lajeng kaserep-serepaken, inggih lajeng narimah boten saestu nedha kapegataken, nanging nedha panggil supados katanggapaken ringgit (wayang).

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Bapa mituruti, mantu kakengken ngundang dhalang.

9. Madeg ing dhukuh Dhadhapan, ingkang wonten ing ngriku : 1. Dhalang Kandhabuwana, 2. estri, panggender nama Surani, 3. Jaler warni awon, nama panjak dhalang Klungkungan, 4. mBok randha Dhadhapan. mBok randha dipun takeni kyai dhalang Kandhabuwana, dene boten dhateng peken, wangsulanipun sampun tuwuk. Nyai randha lajeng kasantunan nama nyai randha Asemsore. Anak putu yen moyoki jangan. asem lare encok. Kasaru dhatenge buyut Geduwal, angaturi kyai dhalang Kandhabuwana dhateng griyanipun marasepuh, katanggap. Kyai dhalang anyagahi, kothak sapirantosipun kabekta rumiyin, lajeng sami bidhal.
10. Madeg ing dhukuh Mendhangkamulan, ki buyut lan anakipun estri. Ing sapengkeripun mantu ngupados dhalang, ing padhukuhan ngriku dipun ambah buron wana. Sagedipun waluya, anakipun karuwata. Boten dangu dhatengipun anak mantu, ambekta kothak wayang sapirantosipun, katungka dhatengipun kyai dhalang Kandhabuwana. Kyai dhalang lajeng kapasrahan angruwat anakipun estri, kangge sarana nyirnakaken buron wana ingkang ngambah ing padhukuhan, kyai dhalang sagah, ki buyut dipun purih marnekaken sajen-sajen, inggih. sampun dipun wonteni sadaya. Ki buyut nedha lilah manggen wonten salebetipun kelir. Sarampungipun panata, kyai dhalang Kandhabuwana wiwit andhalang Lampahanipun Manikmaya. Tiyang ningali jaler-estri, sepuh - anem, kathah, kados dipun welingaken. Jaka Jatusmati mireng lajeng ningali, sarta tumut nabuh kethuk, ing satengahipun ringgitan. Sanes dhusun wonten tiyang alok pandung, cacahing pandung sekawan, palajengipun pandung, ingkang kalih terus, ingkang kalih dhateng panggenan ringgitan, sarta lajeng sami tumut nabuh. Ingkang satunggal nabuh kenong, satunggalipun nabuh kecer. Hyang Kala ugi mireng yen ing ngriku ringgitan, lajeng aningali, anjujug ing palataran sendhen wit cikal sarwi ngantuk, sarta cangkemipun menga. Kyai Kandhabuwana uninga, hyang Kala dipun sawat ing tigan, kenging telakipun lajeng tangi, saha lajeng aningali ringgit, rame-ramening babanyolan, hyang Kala gumujeng, tiyang ingkang ningali lajeng bibar. Bathara Kala pitaken dhateng dhalang Kandhabuwana, sababipun punapa teka lajeng bibar. Wangsulanipun kyai dhalang Kandhabuwana, amargi sami sumerep sang Hyang

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kala. Hyang Kala nedha murih lekas ringgitan malih. Kyai dhalang inggih kadugi, manawi mawi sarana satak sawe dinar. Hyang Kala kadugi nyukani sarana, namung kapiliha prabotipun ingkang dipun engge kemawon, awit boten ambekta dinar, Kyai dhalang lajeng milih bedhama, hyang Kala inggih nyukakaken, nanging nedha prajangji : Aja legi dadi pahit. Wangsulanipun kyai dhalang, ora watak, lajeng wiwit andhalang malih.

11. Sawatawis dangunipun, Hyang Kala pamitan ngisis. Dumuginipun ing njawi, Hyang Kala mambet gandaning bayi lahir, inggih punika bayi anakipun panganten enggal wau, lajeng kapendhet sarta badhe kauntal, nanging lajeng kengetan, manawi bedhamanipun wonten kyai dhalang, mila enggal wangsul dhateng ing palataran, nalika punika Jaka Jatusmati pamit dhateng kyai panjak, badhe mantuk dhateng griyanipun, kalilan, dumugi palataran dipun cathok bathara Kala. Bathara Kala enggal manggihi kyai dhalang, pikantukipun bayi tuwin Jaka Jatusmati wau kalintokaken bedhama. Kyai dhalang Kandhabuwana inggih suka, lajeng sami lintonan.

12. Hyang Kala nedha rucatipun kelir, saha ngaken menang sepuh tinimbang kyai dhalang, kyai dhalang amangsuli : Bilih kyai dhalang ingkang sepuh tinimbang Hyang Kala, sarta Hyang Kala punapa purun dipun wastani sadaya saranduning badanipun. Hyang Kala inggih purun, kyai dhalang Kandhabuwana lajeng nandukaken sampurnaning puja, dhalang lajeng ngucapaken : Hong, prayoganira sang hyang Akasa lawan Pratiwi, mijil yoganira sang hyang Agilang-gilang ing siti, binuwang aneng samodra, kumambang lembak-lembak. ana daging dudu daging, ana getih dudu getih, aranmu sang Kama salah, akiri sakilomaya, kadya manik amesthika, gya murub angarab-arab, nekakaken prabawa, ketug lindhu lan prahara, lesus hanggung aliweran, geter pater tan pantara, murub ingkang kaladora, gumesang aneng triloka, nguni weh kang padmacakra, nguni weh bathara Guru, Awigena purnama siddi, hong namu namas swah hah.

Dhalang anglajengaken ngucap santi purwa : Hong dinuk aku purwanira ring pustaka, ginutuk ing padmacakra, ingkang minangka sirahmu, ginutuk ing kurameyan, ya ta kang dadi rambutmu, ginutuk sirengpanelan, ya ta minangka bathukmu, ginutuk

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing rengas wastra, ya ta kang dadi alismu, ginutuk ing suryakantha, ya ta kang dadi netramu, ginutuk sireng kilatnya, ya ta kang dadi kedhepmu, ginutuk sireng mani, ya ta kang dadi kupingmu, ginutuk sireng momaka, ya ta kang dadi pipimu, ginutuk sireng panayan, ya ta minangka pasumu, ginutuk ing rindhung wastra, ya ta minangka irungmu, ginutuk ing langkap wastra, ya ta kang dadi tutukmu, ginutuk ing rejek wastra, ya ta kang dadi untumu, ginutuk ing waja lidhah, ya ta kang dadi ilatmu, ginutuk sireng panawan, ya ta minangka telakmu, ginutuk ing waja sumeh, ya ta minangka janggutmu, ginutuk sidhang panawan, ya ta minangka uwangmu, ginutuk ing wesi panggak, ya ta kang dadi gulumu, ginutuk wesi gulam, ya ta kang dadi baumu, ginutuk sireng candrasa, yata minangka tanganmu, ginutuk ing palempengan, ya ta minangka salangmu, ginutuk ngambil wastra, ya ta minangka dhadhamu, ginutuk sarwa sanjata, ya ta kang dadi igamu, ginutuk sireng padupan, ya ta minangka atimu, ginutuk sireng geni-tri, ya ta kang dadi amperumu, ginutuk ing sandiwiddi, ya ta kang dadi jantungmu, ginutuk sagara ampenan, ya ta minangka wetengmu, ginutuk sireng lukita, ya ta minangka ususmu, ginutuk ing rancang wastra, ya ta minangka ototmu, ginutuk ing wajasari, ya ta minangka balungmu, ginutuk pancuran racah, ya ta minangka dakarmu, ginutuk ing baka wastra, ya ta minangka wangkongmu, ginutuk sireng deksana, ya ta kang dadi pupumu, ginutuk ing bindi wastra, ya ta minangka garesmu, ginutuk ing waja niwal, ya ta kang dadi sikilmu, ginutuk ing gora wastra, ya ta kang minangka gedhemu,- ginutuk ing krama krama wastra, ya ta minangka nepsumu, kumejod molah anibegan, angadeg kagiri-giri, awakmu wegah uger asalit ajatha gimbal, angerik anguwuh-uwuh, sira mulat amangetan, sakehing para jawatan kagegeran, dening sira, awedi andeleng rupamu, aranmu si kama salah, Awignam astuna purnama siddi. Hong namu namas swah hah.

Dhalang anglajengaken ngucap aksara bathuk :

Caraka balik : Nga, tha, ba, ga, ma, nya, ya, ja, dha, pa, la, wa, sa, ta, da, ka, ra, ca, na, ha.

Lajeng aksara telak : Sang Kala lumerang sangkaning lara, Wisnu kena ing lara, lungguh ing otot lan ing amperu, kang alara mulya, mulya dening bathara Brama. Brama kena ing lara, lungguh ing

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

daging lan getih, kang lara mulya, mulya dening bathara Guru. Guru kena ing lara, lungguh ing tutuk, gurune lumumah lan saranduning awak, kang lara mulya, mulya dening sang hyang Wenang. Sang hyang Wenang tan kena ing lara, marang sang hyang Wenang kumpul panunggaling rasa, rasa tunggal lan jati, jati tunggal lan rasa, rasa jati mulya, mulya saking ingkang wasesa.

Dhalang lajeng ngucapaken sastra ing dhadha, sastra bedhati : Hong ilaheng sawedana, Durga Kala sawedana, kreti ndaru tumuruna nur ring madya, aworing dewata muja, aji sang hata hati, hama raja ta ajiku, hama raja ta wuwusku, hama raja jara maya, amarani rimu maya, asi raya para siya, amidosa sadomiya, amidara rodamiya, ya midosa sadomiya, ya siya ya palasiya, ya sira para asiya, ya siya papara siya, lawagna lawagni, sikuthara sikuthari, sibrenggala sibrenggali, si-bitapa sibitapi, sibintaka sibintaki, sidurbala sidurbali, sirumaya sirumayi, sihudaya sihudayi, sisrimaya gedhah maya, sidayudi sidayiida, adiyuda adiyuda, adayudi nihudaya, hong namu namas swah hah.

Dhalang lajeng ngucapaken sastra gigir : Hong yogyanira sang Hyang Pratiwi mijil kamulan, bathari Uma mijil saking limu-limu, ingusap sariranira, mijila sang Hyang Kusika, mijila bathara Gagra, saking balung kamulanya, ana ta sang Hyang Kurusa, saking daging kamulanya, ana kang bathara Metriya, saking otot kamulanya, mijil sang Hyang Pritanjala, saking sungsum mulanira, kinen agawe lekaha, kusika milu alumeh, tinut denira sang Gagra, Hyang Gagra milu alumeh, tinut dening sang Hyang Kurusa, Kurusa milu alumeh, tinut dening hyang Metri, sang Hyang Metri milu alumeh, teher mijila wikalpa, neher ing ipat-ipatan, Kusika mesat mangetan, katemah andadi emong, Hyang Gagra mesat mangidul, atemah andadi sarpa, Kurusa mesat mangulon, atemah andadi buta, Hyang Metri mesat mangalor, atemah andadi dhengen, kuneng sang Hyang Pritanjala, ingkang kinen gawe loka, angenjali ring bathara, kang riwe arereweyan, dinilat arasa asin, atemah andadi uyah.

Kuneng bathara Uma, sinasayeng jagad nata, atemah papacintraka, cinandhak suku sinungsang, anjerit angrik anguwuh, asalit ajatha gimbal, nguni weh bathari Durga, Hong namu namas swah hah.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Batari Durga

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sasampuning rampung, kacariyos bathara Kala lajeng ambapa dhateng kyai dhalang Kandhabuwana, sarta matur ingkang kapundhut punapa. Kyai dhalang Kandhabuwana mangsuli, ingkang kapundhut paringipun tedha sang hyang Guru sadaya, sarta bathara Kala katundhung sagarwa balanipun saking dhukuh Mendhangkamulan. Kala matur sandika. Nanging panundhungipun nyuwun mawi santi Kukus, kyai dhalang Kandhabuwana nyagahi. Ingkang andhalang lajeng ngucapaken santi Kukus : Hong, purwa yanti yogya yanti, kaget Hyang Mandhalagiri, sinurak para jawata, amijilaken kasekten, ana banyu teka wetan, aputih mili mangulon, ngileni bathari Sri, guru warda wardi dadi. Hong, purwa yanti yogya yanti, kaget hyang Mandhalagiri, sinurak para jawata, amijilaken kasekten, ana banyu teka kidul, abang mili mangalor, ngileni bathari Sri, guru warda wardi dadi. Hong purwa yanti yogya yanti, kaget Hyang Mandhalagiri, sinurak para jawata, mijilaken kasekten, ana banyu teka kulon, kuning amili mangetan, ngileni bathari Sri, guru warda wardi dadi, Hong purwa yanti yogya yanti, kaget Hyang Mandhalagiri, sinurak para jawata, mijilaken kasekten, ana banyu teka elor, ireng amili mangidul, ngileni bathari Sri, guru warda wardi dadi. Awignam mastuna purnama siddi. Hong namunaswah hah.

Kyai dhalang lajeng ngucapaken Balasrewu : Hong ilaheng minangka ranku, ya sang Gandhusekti, ya sang ila-ila, santi guna ila warna, sang hyang hayu palungguhku, sang hyang toya pangadegku, nagaraja ing dhadhaku, naga milet ing guluku, gelap ngampar suwaraku, iduku tawa ing sakalir, netraku sang surya kembar, kilat mbarung ing cahyaku, durga durgi ngiring aku, sang Kala rumekseng aku, buta kabeh ring omahku, kaomahan dhengen kabeh, kang sun deleng padha lengleng, kang ndak pandeng teka bengeng. Hong namu namas swah hah.

Dhalang lajeng ngucapaken Banyak-dhalang : Hong resang tabe, sun angidung, kidungku si banyak-dhalang, ngendi enggonira alinggih, rajasa, kumitir, amerteng sinapragnyana, agupita narawangsa, gendere pinatut barang, hulung kenyar ing prasada, sira kaki atangiya, angadeka wringin sungsang, ameranga ampel gadhing, tugelen gawenen sanggar, sanggar-sanggar pangruwatan, pangruwatan ujar ala, pangruwatan sara supata, supataning sanak tuwa,

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Batara Kala

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

angruwata supataning maratuwa, angruwata supataning wong ngatuwa, angruwata sagunging mala cintraka, angruwata lalara roga, rara gung rara wigena, gelah talutuh ilangna, katuta ing barat lesus, katuta ing lesus agung, lebur ajur musna ilang, ilang saking tan ana. Hong namu namaswah hah. Hong latak rowang maring sendhang, sendhang-sendhang samandhala, mandhalane wong mengari, anake ki Ulungkembang, kudu osik bisa ngaji, dhukuhe ki empu ana bale anyar tanpa galar, ana ta kang sumur bandhung, timbane timba kapala, tatali ususing maling, siwur burut tanpa kancing, garane winadu aji, sulur kamudhi waringin, banyune ludira muncar, iline mili mangetan, ala elo, katuta ing banyu mele, lebur ajur musna ilang. Hong lata rowang, ana jaka amek kembang, amemenek anguthapel, den gebagi jejomponge, anon siparawan liwat, dinulu rupane ayu, parawanan ngaku rara, lah tan mara sing rarawan, anononton kintel muni, ting caremplang ting caremplung, hanggero kang kodhok niyo, tingkahe arangkal-rangkal, sedyane arep nauta, anauta roroga, lara gung lara wigena, tatangga yen angrungokna, wong angidung Banyak-dhalang, saben dina tanpa dadar, yen ana parawan tuwa, utawa jajaka tuwa, dumadakan gelis krama, yen ana wong gring kadadak, dumadakan gelis mulya, yen ana kang sedya ala, teka mundur tanpa krana, sampurna ing Banyak-dhalang, kang ngidung temah sampurna.
Hong lata rowang, mring bangawan, anontona larung keli, larunge si Banyak-dhalang, loro sanake den larung, ing benjang jaja murdipa, akutha ing kurayana, ana manuk cucuk waja, anucuka larung keli, iberna gawanen lunga, awigna astuna purnamasiddi. Hong namu namas swah hah.

Sasampuning rampung sampurnaning puja sapanunggilanipun wau, Hyang Kala nedha adus, kyai dhalang inggih anuruti, sarta ingkang andhalang wau lajeng ambedhol dhalang Kandhabuwana kaliyan bathara Kala saking gadebog, cempuritipun kacemplungaken ing pangaron enggal, ingkang sampun kasudhiyakaken isi sekar sataman sapirantosipun. Ingkang andhalang lajeng ngucapaken japa padusaning Kala : Tunjung adus ing banyuning banyu mili tlaga manik, Uma kang ngedusi, Durga kang ngosoki, Wisnu kang ngentas. Lajeng winisik ing japa : Kala den eling sira, sira muliha ing jatisorangan, asalira teka ora, sira muliha marang ora,

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

asalira teka ing jati, iya muliha maring jati, ingsun sajatine wisesa. Lajeng dipun kudang : Hong, anake ki Kurameyan, agedhe aseseg dhepah, mBangbang bus pasthi kamaya, ana maya-maya katon, kang anonton milu katon, kang tinonton ora katon, byang-byang byos, golong-golong gumelompong, gulung-gulung gumalumpung. Hong namu namas swah hah.

Bathara Kala lajeng kesah, sagarwa balanipun, kaliyan sami nedha sangu sadaya, Wangsulanipun kyai dhalang Kandhabuwana : Iya padha anjupuka. Lajeng sami mendheti, (ingkang dipun pendheti sajen), lajeng kesah.

Kyai dhalang Kandhabuwana lajeng nandukaken japa Kumbalageni : Buk-buk maga rubuk, gerobyog padha rusah, suwung sepi sumleng balaning Kala.

Lajeng Dewi Sri Sadana dhateng, kapanggih kaliyan dhalang Kandhabuwana, pamit mantuk, sarta nyuwun sajen ingkang dados waijibipun, dhalang Kandhabuwana pareng, lajeng kapendhetan, sarta lajeng mantuk, kyai dhalang Kandhabuwana lajeng dhawuh dhateng panjak dhalang Klungkungan, Jaka Jatusmati supados dipun guyang. Lajeng kaguyang kaliyan dipun mantrani padusan Jatusmati, : Bogenira sira prasini, jiwanggana patrayana, prakasiwah prakasipa, boga-boga wali purna, Hong bestu waluya, waluya temah anjati, jati temahan waluya, Hong bestu waluya.

Ing sarampungipun, Jaka Jatusmati lajeng pamit mantuk, kalilan, saha lajeng mangkat, lajeng wonten nyai randha dhateng, nyuwun mantukipun bayi ingkang dhawah sampir (bayi lahir wonten salebetipun tangga nuju ringgitan) dhalang Kandhabuwana marengaken, lajeng kabekta mantuk. Pandung ingkang tumut nabuh kenong kecer sami nyuwun pamit mantuk, sarta ngaturaken prasetya, anak putunipun manawi ngantos purun ngawoni dhateng kyai dhalang mugi saturunipun sampun ngantos manggih panjang umuripun, sampun kalilan lajeng mantuk. Saantukipun pandung, buyut Wangkeng kengkenan tiyang estri, nerangaken dhateng kyai dhalang Kandhabuwana, kados pundi tindakipun rara Pripen, inggih punika anakipun estri ingkang nedha ringgitan wau.

Wangsulanipun dhalang Kandhabuwana : Aku mengko adus, sarampunge adus, kembang sataman dianggoa adus rara Pripen, iku sirna mala sukertane. Dhalang Kandhabuwana, panjak lajeng sami adus, sarta mawi japa padusan dhalang lan panjak.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Driyakdasa gunem, gramina satardi nayem, ping sapta muni dewa yu. Hong bestu waluya, waluya temah anjati, jati temahan waluya, Hong bestu waluya.

Lajeng matak aji weling. Sarampungipun, boten dangu dhatengipun Sapujagad, ingkang ngresiki balane Kala kabeh, pasangone poleng sakayuh, pantun kalih gedheng, cikal kalih, badheg sagoci, sekul wuduk ulam lembaran, sampun resik, namung kantun bala satunggal, angentosi jenang baro-baro. Sapujagad lajeng mantuk, dhalang Kandhabuwana lajeng sumbar-sumbar : Aku dhalang Kandhabuwana, angadeg pusering jagad, aningali memelok ing kalangan, tanggal pisan patbelase murub tan kenaning pati, mancur tan kena surem, aku dhalang Jatiwasesa, ora wenang diwasesa, iya aku kang wenang misesa sakalir. Dupi kapyarsa sumbare kyai dhalang Kandhabuwana, amba-ledug balanipun Kala. Tanceb kayon.

Ingkang andhalang lajeng ngucap, "Awignam astu namas sidhem, lungguhku pakuning bumi, talapakane sanggabuwana, gadebog Hyang Nagaraja, kelirku sang Tinjomayu, widadari kang anggameli, widadara kang anonton, kang anonton padha katon, kang tinonton ora katon, hong mastu namas sidhem".

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



bp PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

